

# Konsèy antèman ak seremoni antèman pou fanmi yo



## Konsèy pou antèman

Pa louvri sache ki gen kadav la. Manm fanmi yo, zanmi yo ak vwazen yo pa ta dwe bo, manyen, oswa kenbe kò a oswa sache ki gen kadav la.


Antere moun ki mouri a nan kèk èdtan ki vini apre lanmò li.

Li pi bon pou anile festen antèman an. Maladi kolera kapab simaye nan festen yo.



## Sa pou fè si ou te patisipe nan yon antèman

Pa manyen kadav la oswa sache ki gen kadav la.




Paran moun ki mouri a ta dwe lave men yo souvan avèk savon ak dlo trete.

Manm fanmi moun ki mouri a ta dwe netwaye anba zong yo lè y ap lave men yo.



Netwaye tout zòn preparasyon ak istansil kuizin yo avèk savon ak dlo trete.

Kite sifas la ak istansil kuizin yo seche nèt anvan ou itilize yo ankò.



Bwè ak itilize sèlman dlo trete pou tout itilizatè k ap viv nan kay la.

Estoke dlo trete nan yon resipyan ki pwòp epi ki kouvri.

Manje sèlman manje ki byen bouyi, byen kwit oswa byen kale.



Itilize latrin oswa lòt sistèm ijyenik, tankou twalèt chimik, pou jete poupou.

Ou pa gen latrin? Al fè poupou sou distans omwen 30 mètr ak nenpòt sous dlo epi mete poupou ou anba tè.

Lave men ou avèk savon ak dlo trete apre ou fin itilize latrin nan.

Netwaye anba zong ou lè w ap lave men ou.

